

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode Panalungtikan

Pikeun manggihan aspék-aspék kolonialisme nu nyampak dina wacana-wacana carita pondok Sunda, dibutuhkeun métodologi anu luyu jeung tujuan ieu panalungtikan. Méthodé, sakumaha didefinisikeun ku Ratna (2009: 34) nyaéta cara jeung strategi pikeun mikapaham réalita, atawa léngkah-léngkah sistematis pikeun ngaécéskeun rupaning masalah katut sabab akibatna.

Sakumaha anu geus didadarkeun dina Bab I, tujuan ieu panalungtikan téh ngawengku opat hal, anu intina nyaéta hayang nyukcruk wacana kolonial nu jadi kasang kasajarahana munculna carpon Sunda, nyukcruk jeung manggihan inohong anu kalibet dina éta wacana, ngadadarkeun konsépsi carpon Sunda jaman kolonial, sarta ngaidéntifikasi ciri-ciri naratif carpon Sunda anu awal.

Pikeun ngahontal éta tujuan, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif. Tegesna, ieu panalungtikan henteu difokuskeun pikeun ngajawab hiji hipotésis, tapi leuwih dipuseurkeun kana usaha ngagali unsur-unsur nu bisa ngaécéskeun masalah nu ditalungtik. Dina prakna, métode nu digunakeun henteu ngan dipaké pikeun ngumpulkeun jeung ngadéskripsikeun data, tapi ogé ngawengku analisis jeung interprétasina.

Ku hal éta, métodé déskriptif nu bakal digunakeun prak-prakanana leuwih deukeut kana cara gawé kritik, anu tahap-tahapna ngawengku tilu hal:

1. *Déskripsi*

Dina tahap awal panalungtikan, data nu kapanggih jeung kakumpulkeun téh didéskripsikeun kalawan obyéktif. Patali jeung ieu panalungtikan, bakal dideskripsikeun rupaning data nu patali jeung téks-téks carita nu parondok, anu muncul dina jaman kolonial. Lian ti éta ogé didéskripsikeun wacana-wacana kolonialisme di Hindia Walanda, pangpangna nu karandapan ku masarakat Sunda tur aya hubunganana jeung muncul sarta mekarna génre carpon. Tegesna data anu didéskripsikeun téh sipatna informatif, anu baris méré gambaran kana lingkup jeung ambahan panalungtikan.

2. *Analisis*

Sangeus data kadéskripsikeun, tahap satuluyna nyaéta ngaanalisis data-data kolonialisme di lingkungan urang Sunda, dikatégorisasikeun jeung dipilah-pilah, sangkan kapetik gambaran leuwih écés ngeunaan faktor naon baé anu ngadorong munculna génre carpon. Ieu tahap analisis téh seuhseuhanana mah dipigawé keur nyiapkeun interprétasi.

3. *Interprétasi*

Data ngeunaan kolonialisme hasil analisis tur dianggap penting pikeun ngajelaskeun faktor nu ngadorong munculna génre carpon Sunda téh ahirna diinterprétasikeun. Hasil interprétasi dipiharep ngahasilkeun hiji dadaran anu obyéktif jeung sistematis minangka jawaban kana pertanyaan-pertanyaan panalungtikan anu dirumuskeun saméméhna.

3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data ieu panalungtikan dikumpulkeun ku dua cara, nyaéta studi dokuméntasi jeung wawancara terbuka.

Téhnik studi dokuméntasi digunakeun keur maluruh dokumén-dokumén anu ngandung informasi ngeunaan kolonialisme di Hindia Walanda, hususna anu aya hubungan jeung karandapan ku masarakat Sunda. Éta dokumén téh mangrupa buku, pustakamangsa, almanak, gambar, kar, jeung dokumén-dokumén séjén.

Téhnik wawancara terbuka digunakeun pikeun ngagali, nalaah, nglarifikasi, jeung ngalengkepan informasi nu dianggap perlu ku cara ngayakeun wawancara-wawancara jeung sawatara narasumber atawa pakar nu dianggap mikapaham pasualan nu ditalungtik atawa mibanda informasi anu dianggap penting keur ngalengkepan data panalungtikan.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén ieu panalungtikan téh nyaéta panalungtik sorangan. Dina hal ngaanalisis ciri-ciri naratif carpon Sunda anu awal, panalungtik ngagunakeun alat analisis nu mangrupa padoman analisis téks, anu poko-pokona digambarkeun dina tabél ieu di handap.

Tabel 3.1

Padoman analisis téks

No.	Aspék Analisis	Dadaran
1	Déskripsi téks	Déskripsi téks dimaksudkeun pikeun ngadadarkeun kontéks téks nu dianalisis. Diasumsikeun yén téks henteu madeg mandiri, tapi salawasna aya dina kontéks nu ngalingkup dirina. Dina déskripsi téks

No.	Aspék Analisis	Dadaran
		di antarana didadarkeun posisi téks dina kontéks kolonialisme, saha nu ngarangna, kumaha asal-usulna, jsb.
2	Ringkesan carita	Ngadadarkeun ihtisar téks sangkan kagambar unsur-unsur jeung struktur eusina.
3	Analisis téks	Analisis téks diperlukeun pikeun manggihan ciri jeung ajén-inajén téks. Analisis téks ngawengku dua hal: a. Analisis Wangun, nyaéta analisis anu dipuseurkeun kana ciri-ciri fisik téks. Upamana panjangna, polana, jenisna, jsb. b. Analisis struktur eusi téks, nyaéta analisis anu dipuseurkeun kana struktur intrinsik téks. Upamana alur, palaku, kasang, téma, jeung ajén téks, ogé sikep pangarang anu katémbong tina téks.

3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data ieu panalungtikan nyaéta wacana kolonialisme jeung téks-téks anu dihasilkeunana – pangpangna téks carita-carita nu parondok – anu bisa ngadéskripsikeun faktor-faktor anu mangaruhan munculna génre carita pondok Sunda. Lantaran carpon digolongkeun kana génre sastra Sunda modérn, data nu dipaluruh bakal diwatesanan kana aspék-aspék modérnitas nu diwanohkeun ku bangsa kolonial Walanda ka masarakat jajahan, nepi ka ahirna kolonialisme Walanda sacara fisik lekasan. Papadaning kitu pangaruh-pengaruh kolonialisme anu masih nyampak sabada kolonialisme fisik lekasan bakal tetep didiskusikeun dina raraga ulikan postkolonial.

Ku hal éta, data panalungtikan diwatesanan ti mimiti munculna literasi modérn di Hindia Walanda, nu ditandaan ku munculna *print literacy* (budaya

cetak) dina pertengahan abad ka-19, nepi ka kolonialisme Walanda lekasan taun 1942.

Sumber data pangpangna digali tina dokumén-dokumén kolonial, utamana anu mangrupa buku jeung pustaka mangsa nu diterbitkeun jaman harita. Hasil-hasil panalungtikan saméméhna anu nalungtik wacana-wacana kolonial di Hinda Walanda dina rupa-rupa aspék, ogé dimangpaatkeun keur ngarékonstruksi faktor-faktor nu ngajurung munculna génre carita pondok Sunda.

3.5 Prosédur Panalungtikan

Prosédur ieu panalungtikan digambarkeun dina diagram di handap.

